"Pi bon fason pou sòti nan yon difikilte se atravè li."

*Anonim*

"Sa ki dèyè nou ak devan nou se ti bagay konpare ak sa ki nan nou."

*Ralph Waldo Emerson*

## ADRÈS BIWO A:

Pwogram Entèvansyon Fanmi (FIP)
(Sant Sekirite Fanmi)
610 Murfreesboro Pike
Nashville TN 37210




Pwogram Entèvansyon Fanmi (FIP) sitiye nan Sant Sekirite Fanmi. Lè ou rive, tcheke avèk sekirite.

f.i.p.
FAMILY INTERVENTION PROGRAM

**Pou yon randevou rele (615) 862-7773**

Pri No te sipòte Pwojè sa a. 2017-VA-GX-0051 ke Biwo pou Viktim Krim akòde, Biwo Pwogram Jistis, Etazini. Depatman Jistis atravè Biwo Tennessee Pwogram Jistis Kriminèl.

Haitian Creole

# METE LAVI TOUNEN ANSANM




f.i.p.
FAMILY INTERVENTION PROGRAM

## LÈ KRIM NAN AFEKTE OUMENM OSWA YON MOUN OU KONNEN

Chak fwa yon krim rive, anpil moun afekte — viktim nan, manm fanmi, zanmi e menm tout yon kominote. Pa gen moun ki prepare pou enpak fizik ak emosyonèl krim yo ki ka devaste pou moun ki blese yo ak pou fanmi yo ak zanmi yo. Pouse atravè soufrans reyèl moun ki gen lavi yo afekte atravè krim, Depatman Polis Metwopoliten Nashville (MNPD) bay konsèy, defans ak sèvis sipò bay viktim krim yo ak lòt moun ke krim vyolan te afekte lavi yo depi 1975.

## ÈD ISIT LA

An 2016, de pwogram konsèy ak defans MNPD, Pwogram Entèvansyon Viktim (VIP) ak Konsèy Vyolans Domestik yo te ini pou vin Pwogram Entèvansyon Fanmi (FIP). Sèvis sa yo te fonde sou lide ke nenpòt moun ki andire chòk kòm konsekans yon zak kriminèl yo ta dwe ofri entèvansyon gratis e imedya kriz ak swivi. Sa ki enkli pwofesyonèl sante mantal ki gen lisans ak defansè konesans, FIP pran angajman pou ede moun ke vyolans afekte jwenn ak retabli yon sans de lapè ak balans nan lavi yo. Desizyon yon viktim konsènan pouswit jidisyè pa afekte kalifikasyon.

Misyon FIP a se bay sèvis sante mantal ak defans sistèm jistis kriminèl chak fwa moun, fanmi, ak/oswa kominote a ke krim vyolan afekte. Tout sèvis yo gratis, konfidansyèl epi yo bay nan yon anviwònman ki sipòte divèsite kiltirèl: ki gen rapò ak ras, relijyon, kwayans ak oryantasyon seksyèl.

## YON PAKÈT SÈVIS

Yon anplwaye ki gen konpasyon ak kiltirèl bay:

### ENTÈVANSYON NAN KA KRIZ

Yon repons apèl 24 sou 24 pou viktim yo ak sitwayen yo, ofisye k ap reponn yo inisye, lè yo rapòte yon krim.

### KONSÈY

Sèvis konsèy pwofesyonèl bay moun, manm fanmi yo ak lòt moun ki afekte nan krim. Yo bay gwoup sipò pou plizyè popilasyon viktim/svivan pandan tout ane a.

### GROUP REPONS SOU KRIZ

Entèvansyon kriz gwoup yo bay sou demann lè biznis, lekòl, oswa lòt gwoup yo ke vyolans afekte.

### DEFANS AK JESYON KA

Konsèy, sipò ak klarifikasyon atravè lapolis ak pwosedi legal yo. Asistans disponib pou sekirize bezwen debaz yo ak ranpli pou konpansasyon aksidan kriminèl TN.

### SÈVIS ESPESYALIZE

Defann/pwodiksyon kiltirèl pou divès popilasyon Nashville ki gen ladan espesyalis refijye ak imigran, anplwaye bileng, enfòmasyon nan plizyè lang, ak itilizasyon entèprèt lè sa nesesè.

### KONSILTASYON AK FÒMASYON

Prezantasyon ki disponib pou gwoup kominotè ak pwofesyonèl pou ogmante konsyans ak konpreyansyon sou sèvis FIP ak efè chòk/viktimizasyon yo; ak konsyans kiltirèl ak repons pou popilasyon viktim espesifik yo.

### ENFÒMASYON AK REFERANS

Kowòdinasyon ak founisè swen sante, sèvis sosyal ak sistèm jistis kriminèl la.

## SE APÈL OU A

Objektif prensipal Pwogram Entèvansyon Fanmi se ede moun yo ak moun yo renmen yo jwenn yon sans sante ak byennèt apre yon kriz. Si oumenm oswa yon moun ou konnen se viktim yon krim, tanpri rele nimewo apwopriye ki endike anba a.

**Pwogram Entèvansyon Fanmi**
**(615) 862-7773**

### LÒT NIMEWO KONTAK

Ankèt lapolis:

| | |
|---|---|
| Site Nò | (615) 862-7901 |
| Site Sid | (615) 862-7763 |
| Site Lès | (615) 862-7525 |
| Site Lwès | (615) 862-7385 |
| Site Midtown Hills | (615) 880-1513 |
| Site Hermitage | (615) 862-6993 |
| Site Madison | (615) 880-3311 |
| Site Santral | (615) 862-7044 |
| Inite Krim Seksyèl | (615) 862-7540 |
| Divizyon Vyolans Domestik | (615) 880-3000 |
| Biwo Pwokirè Distri a | (615) 862-5500 |
| Konpansasyon aksidan kriminèl TN | (615) 741-2734 |

AL GADE NAN PANÈL DÈYÈ POU KAT AK DIREKSYON.

f.i.p.
FAMILY INTERVENTION PROGRAM
(615) 862-7773